

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis tiasa dicandak kacindekan yén :

- a. Basa téh mangrupa hiji lambang omongan anu ngabogaan harti arbitrér tur konvensional pikeun ngedalkeun eusi haté anu diwangun ku réntétan sora anu geus ditangtukeun éntép seureuhna ku nu make éta basa.
- b. Alih kode nya éta robahna kode anu kajadian ku lantaran ayana basa éta nangtukeun panyatur ngaganti kode anu dipakéna.
- c. Campur kode nya éta kajadian campurna basa kadua kana basa kahiji; campurna basa asing kana struktur basa indung.
- d. Basa Indonesia mangrupakeun basa panganteur pikeun diajar di SDN Gentra MAsekdas II anu leuwih ngarti tibatan ngagunakeun basa Sunda. Hal ieu dumasar kana fungsi basa Indonesia anu mangrupakeun basa Nasional bangsa Indonesia. Jadi mangrupakeun hal anu lumrah lamun basa Indonesia dijadikeun basa panganteur pangajaran di sakola.
- e. Perséntase suku bangsa indung anu asalna ti suku Sunda lobana sakitar 79,55%, suku bangsa indung anu asalna ti suku Jawa lobana sakitar 18,18%, suku bangsa indung anu asalna si suku bangsa séjénna lobana sakitar 2,27%.

- f. Perséntase suku bangsa bapa anu asalna ti suku Sunda lobana sakitar 77,28%, suku bangsa bapa anu asalna ti suku Jawa lobana sakitar 20,45%, suku bangsa bapa anu asalna ti suku bangsa séjénna lobana sakitar 2,27%.
- g. Perséntase basa anu digunakeun sapopoé di imah ngagunakeun basa Sunda lobana sakitar 56,82%, basa anu digunakeun sapopoé di imah ngagunakeun basa Indonesia lobana sakitar 22,73%, basa anu digunakeun sapopoé di imah ngagunakeun campur kode lobana sakitar 20,45%.
- h. Perséntase basa anu digunakeun bapa di imah ngagunakeun basa Sunda lobana sakitar 54,55%, basa anu digunakeun bapa di imah ngagunakeun basa Indonesia lobana sakitar 20,45%, basa anu digunakeun bapa di imah ngagunakeun campur kode lobana sakitar 25%.
- i. Perséntase basa anu digunakeun jeung babaturan ngagunakeun basa Sunda lobana 56,82%, basa anu digunakeun jeung babaturan ngagunakeun basa Indonesia lobana 29,55%, basa anu digunakeun jeung babaturana ngagunakeun campur kode lobana sakitar 13,63%.
- j. Perséntase guru ngajar di kelas ngagunakeun basa Sunda nu ngarti lobana sakitar 77,27%, guru ngajar di kelas ngagunakeun basa Indonesia atawa teu ngarti basa Sunda lobana sakitar 22,73%, guru ngajar di kelas ngagunakeun basa Indonesia nu ngarti lobana sakitar 88,64%, guru ngajar di kelas ngagunakeun basa Indonesia anu teu ngarti ngagunakeun basa Sunda lobana sakitar 11,36%.
- k. Perséntase basa anu digunakeun barudak nalika jajan ngagunakeun basa Sunda lobana sakitar 45,45%, basa anu digunakeun barudak nalika jajan

ngagunakeun basa Indonesia lobana sakitar 29,55%, basa anu digunakeun barudak nalika jajan gagunakeun campur kode lobana sakitar 25%.

- l. Gejala alih kode anu nyampak dina ieu data proses diajar ngajar di kelas II SDN Gentra Masekdas II aya 18 kalimah (37,92%) anu diucapkeun ku guru jeung murid.
- m. Gejala campur kode anu nyampak dina ieu data proses diajar ngajar di kelas II SDN Gentra Masekdas II aya 35 kalimah (62,08%) anu diucapkeun ku guru jeung murid.
- n. Basa nu dominan dipaké pikeun basa panganteur pangajaran di kelas II SDN Gentra Masekdas II nya éta campur kode basa Sunda jeung basa Indonesia. Dumasar kana hasil analisis transkrip yén basa anu dominan digunakeun pikeun basa panganteur pangajaran nya éta campur kode anu lobana 62,08% jeung alih kode anu lolobana 37,92%.
- o. Nu nyababkeun ayana campur kode basa Sunda ka basa Indonesia dina kagiatan pangajaran di kelas II SDN Gentra Masekdas II nya éta kabuktian yén teu sakabéh suku Sunda bisa ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoéna.
- p. Kajadian campur kode basa Sunda ka basa Indonesia dina kagiatan pangajaran di kelas II SDN Gentra Masekdas II nya éta lamun keur nyarita basa Sunda sok diseselan ku basa Indonesia atawa sabalikna lamun keur nyarita basa Indonesia sok diseselan ku basa Sunda.

5.2 Saran

Dumasar kana hasil panaluktikan di SDN Gentra masekdas II Kalurahan Suka Asih Kacamatan Bojongloa Kaler Kota Bandung, panulis nyarankeun yen langkung bijaksana upami basa anu digunakeun pikeun panganter pangajaran di sakola ngagunakeun basa sapopoé, nya éta basa Sunda. Hal ieu dilaksanakeun pikeun ngamumule basa indung sorangan. Sabab lamun teu ku urang nungamumule basa Sunda bade ku saha deui.

